

*Mennen  
Pitit Fi ak Pitit Gason nou  
nan yon Jounen Travay*

**Rankontre Sipèstar nan lye travay-yo**



**Lekòl Primè  
Ane 2020 – Pakè Ransèyman ak Aktivite**

*(Elementary School – 2020 Activity Packet)*

# Mennen Pitit Fi ak Pitit Gason nou nan yon Jounen Travay

## Direktiv Pwogram-la

### Ransèyman ak Elijibilite

Sou patwonnaj Fondasyon *Take Our Daughters and Sons to Work Day Foundation*, *Take Our Daughters and Sons to Work Day*, se yon evènman anyèl ki selebre chak ane pou timoun ki gen laj ant uitan ak dizwitan (**8an ak 18an**). Avèk konsanman fanmi, elèv-yo kapab patisipe lè yo vizite lye travay yon paran (manman oswa papa), yon gadyen, yon fanmi oswa yon zanmi fanmi-an, ki granmoun.

Lekòl piblik Broward County ap onnere epi selebre jounen nasyonnal, *National Take Our Daughters and Sons to Work Day*, le Jedi, 23 Avril, 2020.

Yo òganize jounen *Take Our Daughters and Sons to Work Day* kòm yon evènman pou motive elèv-yo fòmile epi esprime lide-yo sou karyè posib yo anvizaje alavni. Yon jounen pase nan yon lye travay va fè-yo anvi pouswiv aspirasyon-yo epi ede-yo fè koneksyon ant siksè akademik ak siksè nan mond travay. Diplis, aktivite-sa-a va bay fanmi ak lòt granmoun, opòtinite prezante kote y ap travay, esplike responsablite travay-yo, entwodi kolèg-yo, epi pale sou divès karyè ki disponnib nan lye travay-yo.

Bi-nou se fè jounen sa enteresan pou chak patisipan. Pou asire elèv-yo benefisye de esperyans sila, nou enkli nan bwochi sa aktivite ki rekòmande pou elèv k ap patisipe nan jounen-an, kapab fè epi konplete.

## Patisipasyon nan Lekòl Piblik Broward County

Le 23 Avril, 2020, chak depatman, chak lekòl, chak sant ak biwo administratif va bay chak anplwaye opòtinite mennen nan travay-li, pitit-li oswa yon timoun ki gen pèmasyon fanmi oswa gadyen-li, pou pitit-la vin patisipe nan jounen *Take Our Daughters and Sons to Work Day* nan bi fè koneksyon ant lekòl ak travay.

## Absans

*Take Our Daughters and Sons to Work Day* se yon *field trip* (sòti òganize) Distri a apwouve epi yo pa konsidere sa kòm yon absans. Elèv-yo dwe swiv direktiv ki nan liv aktyèl Kòd Kondwit pou Elèv (*Code of Student Conduct*) konsènan absans ki apwouve alavans pou rezon edikatif. Elèv-yo dwe ranpli omwens senk (5) jou alavans fòm pou *field trip* ke Distri a apwouve. Elèv ki prale nan lye travay swa ak yon paran (manman oswa papa), swa ak yon fanmi, yon zanmi fanmi-an, ki adilt, elèv-sa-yo ap patisipe nan yon *field trip* epi absans-la eskize selon esplikasyon ki nan liv Kòd Kondwit pou Elèv.

Chak elèv ap gen yon absans ki eskize le 23 Avril, 2020, pou li kapab patisipe nan jounen Mennen Pitit Fi ak Pitit Gason nou nan yon Jounen Travay (*Take Our Daughters and Sons to Work Day*.)

## Devwa Ratrapaj (Make-up work)

Elèv ki fè aranjman alavans pou gen yon absans eskize le 23 Avril, 2020, gen responsablite renmèt tout devwa apre jou yo manke-a, sòf si gen lòt aranjman ki te fèt avèk pwofesè elèv-la, jan sa esplike an detay nan liv Kòd Kondwit pou Elèv (*Code of Student Conduct*). Apre patisipasyon nan jounen *Take Our Daughters and Sons to Work Day*, direktè lekòl (principal) ensike pwofesè dwe ankouraje elèv ki te patisipe nan aktivite-a pataje esperyans-yo ak lezòt.

## Aktivite Espesyal

Nou ankouraje chak depatman, chak lekòl, chak sant ak lye travay, plannifye aktivite espesyal pou elèv k ap vizite kote anplwaye-yo ap travay. Plannifye divès aktivite tankou vizite divès pòs travay, vizit gide, tandè envite espesyal ak/oswa pran repa midi (lanch) an gwoup. Vizite yon lye travay pèmèt elèv-yo aprann enfòmasyon osijè anviwonman travay-la, teknoloji ki itilize ak fòmasyon ki ekzijib nan sèten djòb.

## Responsablite

Jou sa, elèv-yo gen yon absans eskize. Granmoun k ap patisipe nan aktivite pwogram-la responsab transpòtasyon, sekirite ak kondwit elèv-la. Elèv-yo pa dwe vizite zòn travay kote kondisyon travay danjere epi riskan.

## POU FANMI OSWA POU MOUN K AP AKONPAYE ELÈV KÈK KONSÈY KI KAPAB ITIL LÈ Y AP PLANNIFYE

Kit w ap travay pou yon gwo sosyete, kit ou se pwopriyetè yon ti biznis, kit w ap fè lapolis nan lari, kit w ap anseye nan yon inivèsite, ou kapab gen yon enfluyans sou lavi pitit-ou lè ou espoze li ak nouvo lide epi nouvo opòtinite.

Jounen ki pi reyisi se jounen kreyatif epi pwodiktif. Reflech sou sa ki fè konpanni-ou inik, epi sa ki pi enpòtan, itilize resous pa-ou!

- Elèv-yo ka aprann nan men chak anplwaye e nan chak depatman. Mande anplwaye andedan òganizasyon an pataje esperyans travay-yo epi ankouraje fi kou gason poze kesyon.
- Fè ansòt tan pase diran chak aktivite, kout. Aktivite entèaktif ki dire pou pipli 30 minit, se yo ki miyò. Elèv ki pi jenn kapab genyen yon dire atansyon pi kout pandan aktivite-yo.
- Entwodi epi montre elèv-yo teknoloji. Montre kijan nou itilize divès teknoloji ak ekipman epi esplike jan toude endispansab nan yon biznis.
- Fè pwofesè pitit-ou konnen pitit-ou ap pase jounen-an nan yon lye travay kote li va fè aktivite ki anrapò avèk edikasyon.
- Mande pitit-ou konplete Rejis aktivite sou Jounen “Mennen pitit-fi ak pitit gason-ou nan yon jounen travay (*Take Our Daughters and Sons to Work Day Student Log*) epitou konplete Fòm aktivite Mennen pitit fi ak pitit gason nan yon jounen travay. Elèv-yo dwe tounen toude fòm-yo nan lekòl-yo kòm prèv patisipasyon-yo nan aktivite edikatif pandan vizit-la.
- Asire elèv-yo an sekirite touttan.
- **Si ou gen kesyon, tanpri kontakte:**

**Christie Cerbone, Curriculum Supervisor**  
**Career, Technical, Adult and Community Education**  
voje yon imel bay [Christie.cerbone@browardschools.com](mailto:Christie.cerbone@browardschools.com) oswa rele nimewo 754-321-8400

**REJIS AKTIVITE “MENNEN PITIT FI AK PITIT GASON-NOU NAN YON JOUNEN TRAVAY”**

*(Take Our Daughters And Sons to Work Day Log)*

Non elèv-la (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen oswa Adilt ki akonpaye elèv-la (lèt enprimri) \_\_\_\_\_

Sa ou ye pou elèv-la \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen oswa Adilt ki akonpaye elèv-la \_\_\_\_\_

Lekòl \_\_\_\_\_ Klas (Grade) \_\_\_\_\_

Lye travay (Workplace) \_\_\_\_\_

AKILÈ	Esplikasyon Aktivite
<b>8:00-8:30</b>	<b>EGZANP: Mwen te rive nan travay-la epi mwen te vizite konpanni-a. Yo fè m fè konesans ak plizyè anplwaye.</b>

# FOM AKTIVITE POU ELEV LEKOL PRIME SOU JOUNEN “MENNEN PITIT FI AK PITIT GASON-NOU NAN YON JOUNEN TRAVAY”

*(Take Our Daughters and Sons to Work Day Elementary School Activity Form)*

Non elèv-la (Ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Non Paran/Gadyen oswa Adilt ki akonpaye elèv-la (ekri an lèt detache) \_\_\_\_\_

Non Konpani a: \_\_\_\_\_

Kote konpani a sitiye oswa Lye travay ki te vizite: \_\_\_\_\_

Reponn kesyon-yo sou liy sa-yo. Lakay, pataje repons ou avèk fanmi-ou epi tounen fòm-la bay pwofesè-ou avèk repons-ou.

1. Ki responsablite ak devwa, manman oswa papa/gadyen oswa granmoun ki te akonpaye ou te genyen?

---

---

---

---

---

---

2. Ki pati nan travay-la ki te pi enterese-ou?

---

---

---

---

---

---

3. Ki pati nan travay-la ou te twouve ki te raz?

---

---

---

---

---

---

4. Èske ou ta konsidere yon karyè nan pwofesyon sa a? Poukisa oswa poukisa pa?

---

---

---

---

---

---

---

5. Kisa ki te etonen-ou piplis sou sa ou te aprann, tandè, oswa obsève jodia?

---

---

---

---

---

6. Ki konesans, abilte ak ladrès w ap aprann kounyea lekòl ki va itil nan travay-sa (djòb)?

---

---

---

---

---

7. Ki konesans oswa abilte ou bezwen epi ranfòse-yo, pou reyisi nan travay-sa (djòb)?

---

---

---

---

---

---

8. Èske lòt lide pou pwofesyon ak karyè te vin nan lespri ou jodia?

---

---

---

---

---

---